

3 novanm

Espwa sa a p ap janm twonpe nou, paske Bondye te fè nou wè jan l renmen nou lè Li te ba nou Sentespri li. Se konsa, lè nou pat kapab fè anyen pou tèt pa nou, Kris la mouri pou tout moun ki meprize Bondye, nan tan Bondye te fikse pou sa a te rive a. Women 5. 5, 6

... Kenbe byen fèm espwa Bondye ofri nou an, se tan-kou yon lank batiman li ye pou nou. L ap kenbe nanm nou fèm, byen solid. Ebre 6. 18, 19

Yon esperans vivan

Yon pwovèb di : lespwa bay kouraj, li fè moun viv lontan. Nan langaj kouran mo esperans lan plis pase yon senp espwa, mo espwa vle di, dezi nou gen posiblite pou yo reyalize, men yo pa janm sèten y ap reyalize tout bon.

Men, esperans kretyen an sèten, paske li baze sou sa Bondye vivan an pwomèt nan pawòl li, yon Bondye ki pa ka bay manti. Se pa santiman, men se travay lafwa. Santiman nou yo ka chanje, esperans nou yo pa ka chanje, yo toujou rete fèm, baz yo se pawòl Bondye a ki pa chanje. Poukisa kretyen an toujou rete fèm ap tann ! Paske Bondye te pwomèt sa y ap tann nan. Li sove, e sali li repoze sou yon travay ki te deja reyalize nèt, yon fwa pou tout nan Jezi Kris.

Avni Kretyen an sèten menm jan sali l deja reyalize jodi a. Yap tann Jezi Kris retounen pou L rantre nan glwa Li ak tout-moun Li rachte yo. Yo pa gen dout sou sa Senyè a pwomèt, y ap tann yo reyalize : “lè m va fin pare plas la pou nou, ma tounen vin chache nou. Konsa, kote m a ye se la na ye tou” (Jan 14. 3).

Malgre difikilte yo, lapenn ak soufrans kretyen an ap an-dire pandan l ap viv sou tè a, l ap tann gwo benediksyon Bondye te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezi Kris, Bondye nou ak delivrans nou, va parèt (Tit 2. 13). Se pa yon espwa vag ki pap pote okenn fri, men se yon esperans fèm ki toujou renouvle : li repoze sou yon Kris ki vivan, ki di nou : “Mwen vivan pou tout tan, mwen gen pouvwa sou lanmò ak peyi kote mò yo ye a” (Revelasyon 1. 18). Se li n ap tann.

3 novembre

L'espérance ne rend pas honteux, parce que l'amour de Dieu est versé dans nos cœurs par l'Esprit Saint qui nous a été donné. Car Christ, alors que nous étions encore sans force, au temps convenable, est mort pour des impies. Romains 5. 5, 6

... Saisir l'espérance... que nous avons comme une ancre de l'âme, sûre et ferme. Hébreux 6. 18, 19

Une espérance vivante

L'espoir fait vivre, dit un dicton populaire. Dans le langage courant, l'espérance est plus qu'un simple espoir, elle est la réalisation probable mais jamais certaine de nos désirs.

L'espérance du chrétien est une certitude, car elle s'appuie sur les promesses d'un Dieu vivant, un Dieu qui ne peut pas mentir. Ce n'est pas un sentiment, c'est un acte de foi. Nos sentiments fluctuent, mais notre espérance est ferme, basée sur la Parole de Dieu, qui ne change pas. Pourquoi donc le chrétien est-il aussi sûr de ce qu'il attend ? Parce que Dieu l'a dit. Il est sauvé, et son salut, avec toutes ses conséquences, repose sur une œuvre parfaite, accomplie une fois pour toutes par Jésus.

Son avenir est donc tout aussi certain que son salut présent. Il attend le retour de Jésus Christ qui introduira dans la gloire ceux qu'il a rachetés. Il est certain de la promesse du Seigneur : "Je reviendrai, et je vous prendrai auprès de moi ; afin que là où moi je suis, vous, vous soyez aussi" (Jean 14. 3).

Malgré les difficultés, les peines et les souffrances qu'il traverse tout au long de sa vie, le chrétien attend "la bienheureuse espérance et l'apparition de la gloire de notre grand Dieu et Sauveur Jésus Christ" (Tite 2. 13). Ce n'est pas un espoir vague et stérile, mais une espérance toujours renouvelée et ferme : elle repose sur un Christ vivant, qui nous dit : "Je suis vivant aux siècles des siècles" (Apocalypse 1. 18). C'est lui que nous attendons.